



Pou Piblikasyon Imedya: 21/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLATIF KI DEDYE KÈK PATI NAN SISTÈM OTOWOUT ETA NEW YORK LA POU VETERAN AK PREMYE ENTÈVENAN YO.**

*Lejislasyon (S.8581A/A.8369A) deziyen yon pati nan sistèm otowout Eta a nan Konte Oneida kòm "Otowout Memoryal Veteran Gè Koreyen Konte Oneida"*

*Lejislasyon (S.7255A/A.1393B) deziyen yon pati nan sistèm otowout Eta a nan Konte Ulster kòm "Pon Memoryal Chèf John 'Jody' Rossitz"*

*Lejislasyon (S.7297/ A.9906) deziyen yon pati nan sistèm otowout eta a, kòm "Otowout Memoryal Benefisyè Meday Onè Francis S. Currey"*

*Lejislasyon (S.7504A/A.8445A) deziyen yon pati nan sistèm otowout Eta a nan Konte Clinton kòm "Pon Memoryal Ofisyè Lapolis Brian S. Falb"*

*Lejislasyon (S.7224A/A.8455A) la deziyen yon pati nan sistèm otowout eta a nan Vil Putnam Valley sou Pwomnad Takonik kòm "Pon Premye Entèvenan Putnam Valley yo"*

*Lejislasyon (S.8056/A.8534) deziyen yon pati nan sistèm otowout Eta a nan Vilaj Specerport, Vil Ogden, Konte Monroe, kòm "Otowout Memoryal Ponpye Robet Fowler"*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon pake lejislatif ki dedye kèk pati nan sistèm otowout Eta New York la pou veteran ak premye entèvenan yo.

"Veteran ak premye entèvenan nou yo te toujou defann nou epi reponn apèl pou pwoteje ak sèvi Nouyòkè yo, epi n ap kontinye kanpe sipòte yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m siyen pake lejislasyon sa a ki rekonèt ak onore kontribisyon ak sakrifis veteran ak premye entèvenan New York yo, epi pral ede asire eritaj yo viv pandan plizyè jenerasyon".

Lejislasyon (S.8581A/A.8369A) deziyen yon pati nan State Route 365 nan Konte Oneida kòm "Otowout Memoryal Veteran Gè Koreyen Konte Oneida". Deziyasyon sa a

pral onore 37,000 sòlda ameriken ki te mouri oswa ki te disparèt apre Gè Koreyen an. Pwojè lwa sa a, ke yon veteran nan Konte Oneida te sijere, pral fè konnen Gè Koreyen an, ke yo te vin konnen kòm "Gè Bliye" akòz evènman li yo ki te pase an 1950, ant Dezyèm Gè Mondyal la ak Gè Vyetnam lan.

**Senatè Eta a, Joseph A. Griffo, te deklare,** "Mwen kontan ke Gouvènè a te siyen lejislasyon an ke mwen te sipòte ki deziyen yon pati nan State Route 365 nan Rome kòm 'Otowout Memoryal Veteran Gè Koreyen Konte Oneida. Nou pa dwe janm bliye gason ak fanm ki te sèvi nan Gè Koreyen an. Deziyasyon espesyal sa a pèmèt nou rekonèt epi sonje sakrifis tout moun ki te patisipe nan konfli devastatè sa a epi eksprime rekonesans sensè nou pou sèvis yo te bay nasyon nou an".

**Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare,** "Gè Koreyen an pafwa defini kòm gè yo bliye a. Se veteran ki pa te janm bliye ki te vini ak pwojè sa a. Mwen te onore pou m sipòte lwa sa a epi mwen apresye Gouvènè a ki te siyen li rapidman pou onore Veteran Gè Koreyen nan Konte Oneida nou. Ke Bondye beni tout veteran yo".

Lejislasyon (S.7255A/A.1393B) deziyen pon sou State Route 28 anlè Esopus Creek nan vil Shandaken kòm "Pon Memoryal Chèf John 'Jody' Rossitz". Pwojè lwa sa a pral komemore lavi John Rossitz nan Oliverea Valley. Li te sèvi 34 ane kòm yon ponpye volontè ak kòm Chèf Depatman Ponpye Big Indian-Oliverea. An 2011, li te jwe yon wòl enpòtan nan òganize efò sekou pou kominote Oliverea Valley apre siklòn Irene. Atravè pwojè lwa sa a, li pral onore pou travay li te fè pou kominote a.

**Senatè Eta, Peter Oberacker, te deklare,** "Premye entèvenan nou yo kontribiye anpil nan kominote nou yo epi John 'Jody' Rossitz se te enkanasyon lespri ak devouman ki travèse tout volontè nou yo. Se yon onè pou mwen pou ede kenbe memwa Chèf Rossitz vivan ak asire lòt yo konnen sa li te reprezante pou kominote li ak kòlèg ponpye ak premye entèvenan volontè li yo".

**Manm Asanble Kevin A. Cahill te deklare,** "Jody Rossitz se te definisyon lidè kominote. Li te pote ekspètiz li nan sèvis sekou volontè li yo ak konpetans sekou volontè li nan travay li. Nan siyen lwa ki bay non pon enpòtan sa a nan onè li, Gouvènè Kathy Hochul rejwenn zanmi, vwazen ak kòlèg travay ki rekonesan ki te vin fè konesans ak sitwayen modèl sa a ke yo renmen ak admire".

Lejislasyon (S.7297/A.9906) deziyen State Route 32 ant entèsèksyon li avèk Bender Lanbe, ak entèsèksyon li avèk Elsmere Avenue nan vil Bethlehem, Konte Albany kòm "Otowout Memoryal Benefisyè Meday Onè Francis S. Currey". Deziyasyon sa a onore lavi Francis S. Currey, kote valè li nan Dezyèm Gè Mondyal la te fè li jwenn Meday Onè Kongrè Etazini an, Lòd Bèlj Leopold, yon Etwal Ajan, Etwal Bwonz ak twa Kè Vyolèt. Apèn yon semèn apre li te gradye nan lekòl segondè, yo te asiyen li kòm yon sèjan pou defann ti vil Bèlj la nan Malmedy avèk pwovizyon minimòm. Apre gè a, li te sèvi kòm yon Manm Konstitisyonèl Sosyete Meday Onè Kongrè a, epi li te travay kòm yon konseye nan Stratton VA Medical Center nan Albany pandan 30 ane. Pwojè lwa sa a te

prezante sou demann fanmi Francis Currey ak American Legion Post 1040 nan Delmar, pou onore kontribisyon li nan istwa ak kominote li a.

**Senatè Eta Neil D. Breslin, te deklare,** "Mèsi Gouvènè Hochul dèske w siyen lwa sa a, pou onore yon ewo lokal. Francis S. Currey te goumen avèk kouraj nan Dezyèm Gè Mondyal la, epi pou valè li, yo te ba li Meday Onè Kongrè a. Veteran yo nan nasyon nou an merite pou popilasyon Eta New York la felisite yo pou sèvis yo, epi siy apresyasyon nou an ap viv pou tout tan".

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** Manm Asanble Patricia Fahy te deklare, "Francis Currey se yon ewo bon Ameriken ki te resevwa Meday Onè Kongrè a paske li te sove lavi konpatriyòt li yo epi te anpeche poukont li yon avanse ènmi. Nan onè ewoyis Francis Currey te montre ak lavi li te viv, mwen fyè dèske eritaj li a pral viv nan Konte Albany sou fòm Otowout Memoryal Benefisyè Meday Onè Francis S. Currey".

Lejislasyon (S.7504A/A.8445A) chanje non pon yo nan Vil Plattsburgh sou Interstate 87 kòm "Pon Memoryal Trooper Brian S. Falb," nan onè Eta Ofisye Lapolis Brian S. Falb. Rele odepa kòm Twin Bridges (Pon Marasa), deziyasyon an pral onore kontribisyon Brian S. Falb, ki te sèvi kòm Ofisye Lapolis Eta New York epi ki te ede nan efò rechèch ak rekipasyon apre atak 11 septanm 2001 yo.

**Senatè Eta a, Dan Stec, te deklare,** "Ofisye Lapolis ki mouri an, Falb, merite pi gwo onè pou sakrifis li nan youn nan moman pi difisil New York yo. Nan komemore pon sa a nan non li, tout moun ki travèse l ap kapab rann omaj pou sèvis pwofon li bay gwo eta nou an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen lwa sa a epi rann omaj ak ewo sa a ak fanmi li".

**Manm Asanble Billy Jones te deklare,** "Ofisye Falb te yon vrè ewo Ameriken epi pi piti bagay Eta a te kapab fè se te chanje non pon yo anlè Rivyè Saranac la sou Interstate 87 nan onè li. Pa gen anyen ki ka vrèman eksprime rekonesans North Country anvè Falb paske li te fè sakrifis final la lè peyi nou an te anba atak men chanje non pon yo pral asire memwa ak eritaj li yo pral konsève pou jenerasyon k ap vini yo. Kounye a, tout vwayajè sou Northway la pral wè non Ofisye Falb sou pon sa yo epi yo pral enspire atravè patriyotis li ak devouman li pou kominote li yo".

Lejislasyon (S.7224A/A.8455A) deziyen pon an atravè Pwomnad Takonik Eta a nan vil Putnam Valley kòm "Pon Premye Entèvenan Putnam Valley". Deziyasyon sa a pral onore premye sekouris yo ki te mete lavi yo anje chak jou pou kenbe rezidan Putnam Valley yo an sekirite.

**Senatè Eta a, Sue Serino te deklare,** "Premye entèvenan Putnam Valley yo ale odela pou kominote nou an, epi se gras a efò yo, an gran pati, pou chanjman ke vyadik Pudding Street moun yo t ap tann lontan an te vin tounen yon reyalite. Gen opòtinite nonmen sa a nan onè yo se yon moman enpòtan non sèlman pou mwen, men pou chak rezidan ki te travay san pran souf pou fè pwojè sa a rive nan faz final. Se yon ti fason nou ka remèsye yo pou sèvis dezenterese yo, epi raple yo ke yo toujou gen yon

kominote rekonesan dèyè yo, epi mwen remèsye tout patnè lokal nou yo, ak moun ki nan Depatman Transpò Eta a, paske yo pa te janm abandone pwojè enpòtan sa a".

**Manm Asanble Kevin Byrne te deklare,** "Achèvman Vyadik Pudding Street la se te yon gwo reyalizasyon ke mwen menm ak anpil lòt ofisyèl te defann depi lontan ansanm ak manm kominote a, ki gen ladan premye entèvenan brav nou yo. Entèseksyon anvan yo nan Pudding Street ak Pwomnad Takonik Eta a te kreye tout kalite danje sekirite danjere pou otomobilis yo, timoun otobis lekòl yo, ak premye entèvenan yo. Lapolis, ponpye, ak founisè sèvis medikal ijans nou yo nan Putnam Valley reyalize sèvis enpòtan ke kominote a depann de yo. Li apwopriye pou nou onore yo avèk dedikasyon sa a. Mwen remèsye Senatè Sue Serino, Sipèvizè vil Putnam Valley Annabi, ak Gouvènè Hochul pou èd yo nan fè pwojè sa a ak dedikasyon sa tounen yon reyalite".

Lejislasyon (S.8056/A.8534) deziyen State Route 259 ant Lyell Avenue ak State Route 31 nan vilaj Spencerport kòm "Otowout Memoryal Ponpye Robert Fowler". Deziyasyon sa a pral onore Robert "Bob" Fowler nan Depatman Ponpye Volontè Spencerport pou kontribisyon li nan sosyete a depi li te rantre nan depatman an nan ane 1974, kote li te sèvi kòm yon poto mitan nan kominote a atravè sipò fanmi li.

**Senatè Eta Robert G. Ortz te deklare,** "Chanje non yon pati Route 259 Eta a nan Vilaj Spencerport pou tounen 'Otowout Memoryal Ponpye Robert Fowler' se sèlman yon fason nou ka ede fè rezidan yo sonje sakrifis sekouris ijans nou yo fè pandan y ap sèvi kominote nou yo. Ewoyis ak zak kouraj premye entèvenan nou yo montre chak jou se yon bagay nou pa ta dwe janm pran kòm nòmal. Malgre ke Ponpye Fowler te bay lavi li nan sèvis kominote Spencerport nou an nan aswè sa nan mwa fevriye, memwa li ak devouman li pou pwoteje nou pral kontinye viv pou plizyè ane alavni".

**Manm Asanble Josh Jensen te deklare,** "Jodi a se yon jou espesyal pou fanmi Fowler, Depatman Ponpye Spencerport ak rezidan Spencerport ak Ogden yo, paske yo ka kontinye onore eritaj Ponpye Robert "Bob" Fowler pandan y ap kondwi nan vilaj la chak jou. Bob te me lòt moun devan tèt li chak jou yon fason dezenterese, epi se yon onè pou kapab komemore eritaj li," Manm Asanble Josh Jensen te deklare. "Nou trè rekonesan anvè li ak pwòch li yo pou sèvis devwe yo pou kenbe vwazen nou yo an sekirite. Se yon privilèj pou nou kapab montre ti siy apresyasyon sa pou ewo lokal nou an, Ponpye Robert Fowler".

###